

Pozisyon Mouvmman Ayisyen Sovtaj Nasyonal la (MOHSANA) sou « **Deklarasyon Prezidan Emmanuel Macron** » konsènan ranson Lafrans te enpoze Ayiti a nan lane 1825

Pòtoprens, 22 avril 2025

MOHSANA voye jete byen lwen zafè komisyon binasyonal prezidan fransè a, Emmanuel Macron, anonse sou kesyon ranson 1825 wa Charles 10 te fè Ayiti peye a, paske reyalye sa a deja byen dokimante. Olye pou yo relanse rechèch istorik sou sa, ijans lan se analize done ki egziste yo epi pwopoze mekanis konkrè pou retounen lajan an epi repare domaj yo.

1. Lafrans, yon Leta ki chita sou lalwa ak peyi ki defann valè repiblikèn yo: yon pretansyon ki merite kesyone jounen jodi a

Depi Revolisyon 1789 la, Lafrans toujou prezante tèt li kòm peyi Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen, kòm yon modèl Leta ki chita sou lalwa epi ki ap defann valè inivèsèl tankou libète, egalite, fratènite ak jistis. Men, dosye ranson Ayiti a nan lane 1825 sal imaj sa a. Ak zak trayizon sa a, epi doub dèt li te mete sou do jèn Leta ayisyen an, Lafrans pa t sèlman chache kraze pwojè nasyonal la; li te eseye efase nan istwa inivèsèl la viktwa total-kapital 18 novanm 1803 a, kote ansyen esklav nwa yo te kale pi gwo lame nan epòk la.

Viktwa sa a te montre dwa moun se pa yon privilèj rasyal, men dwa inaliyenab tout pèp. Lè jounen jodi a prezidan fransè a pa rekonèt totalman karaktè ilegal, mekan ak vyolan ranson sa a, epi li pa pwopoze okenn mezi konkrè pou retounen lajan an ni repare dega yo, sa afekte anpil kredibilite pawòl Lafrans la.

2. Yon enjistis istorik ak yon rezistans ki pa janm bat ba

Istwa òdonans wa Chal 10 te fè prezidan Jan-Pyè Bwaye aksepte anba menas kanno ak envazyon, pa konsène sèlman pèman 50 milyon fran-lò pou ta dedomaje ansyen kolon fransè yo, men li pèmèt bank fransè yo pete fyèl Ayiti nan ba li ponya, epi li te fòse peyi a diminye dwa ladwàn pou bato fransè yo de 50 pou san.

Enjistis istorik sa a mete peyi a nan yon blokaj estriktirèl ki anpeche l'investi nan edikasyon, sante ak enfrastrikti de baz pou devlopman li. Sa lakòz enstabilite politik, kote sèl administrasyon ki te gen kouraj mete dosye sa a sou sèn entènasyonal la te jwenn ak zo grann li, epi sa te gate selebrasyon 200^{tyèm} anivèsè endepandans peyi a.

Deklarasyon prezidan fransè a pa yon kout zèklè. Li se rezilta mobilizasyon manch long, nan tout peyi plizyè jenerasyon sitwayen, entèlektyèl, militan, atis ak jiris atravè 5 kontinan. San nou pa bliye inisyativ ansyen prezidan Jean-Bertrand Aristide ki te mete dosye sa a nan mitan ajanda entènasyonal la depi nan lane 2001.

3. Yon deklarasyon prezidansyèl ki sispèk epi ki gen anpil limit

Malgre deklarasyon prezidan Macron an sanble rekonèt domaj Lafrans te koze pèp ayisyen an, li pa ale lwen ditou ni nan sans ni nan efè li yo. Kontrèman ak Òdonans 1825 la ki te yon zak fòmèl ant 2 Leta, deklarasyon sa a se yon jès inilateral, ki manke presizyon epi ki pa oblije Lafrans retounen lajan yo te vòlè a oswa repare tout domaj li te lakòz nan istwa peyi a.

MOHSANA regrèt deklarasyon sa a melanje sipò Lafrans bay Konsèy Prezidansyèl Transizyon an (KPT), yon pouvwa defakto ki pa gen okenn lejitimite demokratik, ki fonksyone sèlman gras ak sipò entènasyonal la. Sipò sa a vin nan yon moman kote plizyè vwa ap denonse koripsyon nan mitan KPT a ak enkapasite manm li yo pou ranpli misyon yo ki se tabli sekirite epi òganize eleksyon nan peyi a.

MOHSANA gen kè sote, nan relasyon ki gen fòs kote ant prezidan Macron ak KPT a, pou komisyon Lafrans kreye a se pa pwemye etap nan yon estrateji pou elimine rapidman dosye a epi reyalize sou do Ayiti yon lòt zak extòsyon ki cache dèyè yon fo imaj jistis restoratè ak sipò pou demokrasi.

4. Pou yon reparasyon san blòf: verite, jistis ak souverènte

Pozisyon MOHSANA a klè kou dlo kòk: kesyon retounen lajan an ak reparasyon pa ka rezime nan bèl pawòl oswa jès senbolik. Wi, li mande travay sou verite istorik la, men li mande plis: jistis restorativ ki respekte dwa pèp ayisyen an pou li deside pou tèt li, epi ki ede ranfòse enstitisyon li yo.

Sa mande yon angajman fòmèl ant 2 peyi yo pou negosye ak medyatè entènasyonal apwopriye yo. Lafrans, kòm fondatè Leta-nasyon an Ewòp, gen yon responsablite istorik pou soutni – san entèkansyon, san lespri kolonyal – refondasyon Leta ayisyen li te sabote a.

Soutyen estriktirèl sa a se t ap yon mwayen pou reyalize reparasyon istorik ak enstitisyonèl la, ki antre nan istwa pataje a, epi ki nesese pou rebalanse relasyon ant ansyen peyi kolonyalis yo ak pèp ki te kolonize yo. Men sa posib sèlman si gen sekirite toutbon vre ak retablisman otorite Leta –ki pase pa demantèlman gang ame yo – pou pèmèt rekonstriksyon peyi a ak fonksyonman pou toutbon yon komisyon fransè-ayisyen ki ap travay sou mezi ki pou pèmèt 2 peyi yo koupe fache ak zak malonèt youn te fè lòt sibi nan tan pase yo epi pou yo ka gade lavni nan menm direksyon.

5. Yon ekzijans inivèsèl pou jistis istorik

MOHSANA vle fè tout moun sonje kesyon ranson Ayiti a nan lane 1825 pa konsène Ayiti ak Lafrans sèlman. Li angaje tout limanite epi li bay yon opòtinite istorik: repare yon zak extòsyon enperyalis kote dwa ak fòs te sèvi pou oblije yon nasyon lib peye pou libète li – yon libète li te vèse anpil san anba kout zam pou li.

Dosye sa a gen yon dimansyon planètè. Li pale pou tout pèp ki te sibi kolonyalis ak esklavaj. Li mete aksan sou kesyon dominasyon neyo/postkolonyal, sou jan lwa entènasyonal la itilize kòm zouti opresyon, epi sou vyolans enstitisyonèl ki sòti nan Leksidan kolektif la kont peyi Sid global yo.

Li pa kapab jere an kachèt, ni nan yon dyalòg bilateral ant ansyen mèt kolon ak otorite ayisyen ki koronpi, ki pa gen kredibilite, epi ki enkonpetan. Se yon enjistis istorik ki mande yon mekanis multilateral, endepandan epi transparan, pou satisfè ekzijans jistis istorik, memwa kolektif ak refondasyon relasyon sou yon baz egalite.

6. 6. Dènye apèl la

MOHSANA lanse 3 apèl:

- Youn bay pèp ayisyen an: pou l rete pentad devan tantativ pou zòt konfiske reklamasyon istorik sa a, efase memwa li, oswa mete an danje souverènte politik li;
- Yon lòt bay istoryen, chèchè ak entèlektyèl yo: pou yo kontinye travay sou verite istorik la ak tout rigè, endepandans ak angajman;
- Dènye a bay Leta fransè a: pou li asime tout responsablite istorik, legal ak moral li, nan yon lespri jistis ki vrèman sensè.